

MBANDHINGAKE DONGENG RORO JONGGRANG LAN DONGENG TANGKUBAN PERAHU (TINTINGAN SASTRA BANDHINGAN)

Nanda Rizky Nur Lailatul Isnaini

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Nandarnli@gmail.com

Prof. Dr. Hj. Darni., M.Hum.

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Dongeng yaiku salah sijine crita rakyat (*folklore*) kang cukup nduwehi maneka werna. Dongeng minangka karya sastra fiksi kang isih ngrembaka ing bebrayan masyarakat. Saben dhaerah ing Indonesia nduwehi maneka werna jinis crita dongeng. Senadyan mangkono ana saperangan dongeng sing emper-emperan kayata dongeng kang diteliti iki yaiku dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Perahu. Kaloro dongeng iki emper-emperan ngenani unsur intrinsik. Mula saka kuwi panliten niti ngenani tema, latar lan paraga. Ancas saka panliten iki yaiku kanggo mangerteni babagan kang padha lan pambada banjur dibandhingake nganggo tintingan sastra bandhingan. Sajrone panliten iki teori sing digunakake yaiku afinitas kang gegayutan karo unsur intrinsik. Panliten iki mujudake panliten deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku dhata sekunder, dhata kang diolehi kanthi cara maca, nyinaoni, lan mahami lumantar kaloro dongeng kasebut. Wujud dhata panliten awujud kutipan-kutipan sajrone crita. Tata cara nglumpukake dhata sing dilaksanakake panliten yaiku tata cara maca lan nyatet. Asiling panliten iki nuduhake antarane dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Perahu nduwehi crita kang emper-emperan antarane siji lan sijine. Emper-emperan kang dimaksud ana sajrone unsur intrinsik. Saka kaloro dongeng iku nuwuhake bandhingan ngenani tema, latar lan paraga.

Tembung Wigati : Sastra Bandhingan, Dongeng, Unsur Intrinsik.

PURWAKA

Karya sastra ngandharake ngenani sakabehe aspek panguripan manungsa, merga kuwi karya sastra nduwehi hubungan sing ora bisa dipisahake. Sastra arupa gambaran saka segi panguripan manungsa sajrone sikap, tingkah laku, pamikiran, lan saliyane. Karya sastra kuwi dibagi dadi rong bentuk yaiku karya sastra fiksi lan nonfiksi. Karya sastra fiksi dhewe ngemot saperangan kang bisa dianalisis utawa digolei masalahe kayata ngenani struktur teks karya sastra, teori kang gegayutan karo karya sastra kuwi lan nilai moral sajrone karya sastra.

Dongeng salah sijine karya sastra sing kalebu fiksi, dongeng uga asipat *anonim*/ora dimangerteni sapa pangriptane. Alur crita sajrone dongeng asipat *progresif* amarga gampangake pemahaman crita karo nampilake konflik kang ora terlalu kompleks lan klimaks sajrone pungkasan crita. Dongeng yaiku salah sijine crita rakyat (*folklore*) kang nduwehi maneka werna. Dongeng masuk ing jinis karya sastra tradhisional. Karya sastra tradhisional yaiku bentuk ekspresi

masyarakat ing jaman biyen kang umume diandharake secara lisan(Mitchel, 200:228).

Dongeng ing Indonesia maneka werna jinis kang wis ana ing masyarakat, kayata andhe-andhe lumut, si kancing, bawang merah bawang putih, tangkuban prahu, roro jonggrang, lan liyane. Saben dhaerah kang ana ing Indonesia mesthi nduwehi dongeng dhewe-dhewe. Antarane karya siji lan sijine isa wae emper-emperan. Dongeng ing Indonesia saperangan nduwehi babagan sing padha nanging ora dimangerteni kepriye mula bukane. Senadyan sajrone dongeng iku dhewe nduwehi pambada basa, wektu, lan panggonan laire karya sastra kasebut. Sajrone unsur intrinsik kayata tema, latar lan saliyane sajrone dongeng siji bisa dadi sebab ngrembakane dongeng sing liyane(dongeng sing emper-emperan). Saka babagan kasebut bisa dimangerteni ngapa dongeng kasebut emper-emperan. Dongeng sing kaya mangkono bisa dianalisis nganggo tintingan sastra bandhingan. Kayata sing wis dijlentrehake karo Weltek lan Warren yaiku sastra bandhingan studi sastra sing nduwehi basa sing beda lan asal negara karo tujuwan kanggo mangerteni lan analisis hubungan,

engaruh antarane karya siji lan sijine serta titikane sing didhuwehi (Sajrone Endraswara, 2011:192).

Dhasar njupuk panliten iki nggunakake tintingan sastra bandhingan. Panliten iki kanggo ngonceki samubarang kedadeyan sing ana sajrone dongeng ngenani wong lanang kang ngupaya kanggo wong wadon sing ditresnani kanthi cara beda antarane dongeng siji lan sijine. Panliten gawe kajian teori afinitas yaiku kaiket ing unsur-unsur intrinsik karya sastra kayata unsur struktur gaya, tema, lan liyane kang bisa dadi bahan nulis karya sastra. Kanggo nemokake makna kang luwih amba panliten uga kanggo cara analisis sastra. Sajrone panliten iki, panliten fokus ing dongeng keloro kuwi dongeng jawa lan sundha.

Panliten nduwehi maksud kanggo nliti tema, latar lan paraga sing ana ing dongeng keloro iku dadi salah sijine pambandhing. Pambandhing kang dimaksud gawe nemokake apa kang padha lan bedane sajrone dongeng keloro kuwi. Dipilih merga ana sajrone crita sajrone dongeng kuwi kang padha lan beda. Dibandingake merga nduwehi tema kang padha yaiku katresnan. Karakter paraga utama nduwehi sipat kang padha nanging uga ana pambeda sajrone watak-watak ing saben paraga.

Salah sijine dongeng iki ana tema kang ngerujuk ing *incest*. Miturut Sawitri Supardi Sadarjoen, *incest* yaiku hubungan seksual sing dilakukake karo pasangan sing nduwehi ikatan kulawarga sing kenthel, kayata bapak karo anak wedhok, ibu karo anak lanang utawa sapa padha kulawarga kandung (sedarah). *Incest* yaiku kelakuan sing ala gawe kabeh sing ana ing lingkungan masyarakat lan budaya. Crita rakyat sing ngandharana *incest* bisa ditemokake ing saben negara. *Incest* mesthi gegayutan karo fenomena masyarakat lan panguripan. Basa kang digunakake gampang dipahami lan akeh ngandhung kekhasan kang disampaikake sajrone paraga sajrone keloro dongeng kuwi.

Sastra bandhingan yaiku salah sijine saka akehe pendekatan kang ana ing ilmu sastra. Pendekatan sastra bandhingan wiwitane muncul ing *Eropa* wiwit abad ke-19. Ide ngenani sastra bandhingan diandharake dhening Sante Beuve sajrone artikel kang diterbitake ing taun 1868 (Damono, 2005: 14). Sastra bandhingan sajrone panliten kang umum lan sajrone kaitane ngenani sejara utawa bidang ilmu liyane yaiku bageyane

saka sastra. Sajrone kuwi ana upaya ngenani gayutake antara siji sastra karo sastra sing liyane. Uga ngenani pengaruh keloro sastra kuwi, lan apa kang bisa dijupuk saka kelorone. Merga kuwi panliten sajrone sastra bandhingan asipat pindhah saka siji crita ing liyane banjur digoleki *benang merahe* (sajrone Endraswara, 2011: 2)

Miturut Endraswara (2011) sastra bandhingan yaiku salah sijine studi teks *across cultural*. Pasinaon iki ngenani upaya *interdisipliner* yaiku luwih akeh ndeleng ngenani hubungan sastra miturut aspek wektu lan panggonan. Saka aspek wektu, sastra bandhingan oleh bandhingake loro utawa luwih periode kang beda. Senadyan konteks panggonan, arep ngiket sastra bandhingan minurut wilayah geografis sastra. Konsep iki ngandharake yen sastra bandhingan lumayan amba. Pangrembaka sabanjure, konteks sastra bandhingan tumuju ing bandhingan sastra karo bidhang liyane. Bandhingan kaya ngene kanggo gayutake antare aspek panguripan. Panliten sastra bandhingan saka asumsi yen karya sastra ora mungkin ucul saka karya-karya sing wis katulis sadurunge.

Hakikat kajian sastra bandhingan yaiku nggoleki pambeda utawa sing liyane, ora mung sing padha lan sing penting saka kajian sastra bandhingan yaiku kepriye panliten bisa nemokake serta bandhingake kekhasan sastra kang dibandhingake. Saka saperangan andharan tujuwan kasebut, ora kabeh kudu digayuh karo panliten. Panliten oleh nggayuh salah sijine utawa luwih saka tujuwan kasebut. Babagan iki ngisyaratke yen saka wektu neng wektu sastra bandhingan ngalami perubahan arah. Sajrone praktek sastra bandhingan miturut Hutomo (1993: 11-12) ndhuwehi landhesan diri ing telu peranan yaiku: 1). Afinitas, yaiku keterkaitan unsur-unsur intrinsik karya sastra. Tuladhane unsur struktur, gaya, tema, mood (swasana sing kakandhung sajrone karya sastra) lan liyane sing dadekake bahan karya sastra. 2). Tradhisi, yaiku unsur kang kaitane karo kesejaraan pangripta kasrya sastra. 3). Pengaruh, istilah iki satemene ora padha karo njiplak, plagiat, amarga istilah iki sarat kanggo nada negatip.

Saka andharan ing dhuwur panliten bisa kajupuk undheran panliten sajrone dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Pahu yaiku: (1) kepriye bandhingane tema sajrone dongeng Roro Jonggrang karo Dongeng Tangkuban Pahu?, (2) kepriye bandhingane latar sajrone Dongeng

Roro Jonggrang karo Dongeng Tangkuban Prah?, (3) kepriye bandhingane paraga sajrone Dongeng Roro Jonggrang karo Dongeng Tangkuban Prah?

Adhedhasar undering panliten sing wis disebutake, mula panliten iki nduwehi ancas yaiku: (1) kanggo deskripsikake pambandhing antara tema sajrone dongeng Roro Jonggrang karo Tangkuban Prah (2) kanggo deskripsikake pambandhing latar sajrone dongeng Roro Jonggrang karo Tangkuban Prah (3) kanggo deskripsikake pambandhing dongeng Roro Jonggrang karo dongeng Tangkuban Prah.

METODHE

Panliten kanthi irah-irahan Mbandhingake Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prah iki gunakake metodhe kualitatif sing jumbuh karo pendekatan panliten. Metode kualitatif yaiku metode sing nunjukake tingkat pendekatan subjektif. Sumber dhata ing penelitian iki yaiku sumber dhata primer, dhata sing dikumpulake karo panliten dhewe lan dhata iki durung ana sadurunge. Dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Prah saka buku kumpulan dongeng nusantara. Dhata panliten sajrone penelitian iki arupa dhata tembung utawa ukara sing isine klasifikasi ngenani babagan kang padha tema, latar lan paraga sajrone dongeng Roro Jonggrang lan tema, latar, serta paraga sajrone dongeng Tangkuban Prah. Merga kuwi andharan sajrone penelitian iki arep diisi kutipan-kutipan dhata gawe ngewenehi penyajian pembahasan kasebut.

Tata cara nglumpukake dhata yaiku cara kang digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata (Arikunta, 1992:134). Tata cara nglumpukake dhata sing dilakukake panliten yaiku tata cara maca lan nyatet, amarga panliti nindakake observasi lan ngamati sumber dhata yaiku ngamati saben tembung sajrone dongeng kasebut. Tata cara nindakake kanthi njlingglengi dongeng Roro Jonggrang lan Tangkuban Prah. Sawise iku panliten nindhakake tata cara nyatet yaiku nyatet tembung-tembung kang ngandhut tema, latar, lan paraga. Tata cara pungkasan yaiku tata cara pustaka yaiku nglumpukake informasi kang trep kanggo irah-irahan kang sumber saka kapustakan, kagiyatan kang ditindakake yaiku njupuk dhata kang arupa teks dongeng.

Tata cara analisis dhata sing digunakake panliten iki yaiku tata cara analisis dhata deskriptif

kualitatif. Tata cara deskriptif kualitatif digunakake amarga dhata-dhata sajrone penelitian iki arupa tembung, frasa, lan ukara-ukara. Andharan dilakukake secara deskriptif yaiku panliten ngupaya nampilake kabeh sing nunjukake anane tumindhak antar tokoh siji lan sijine, latar panggonan saben crita, serta tema sing ana sajrone crita kanthi cara klasifikasi lumantar kategori sing ditentukake ing table.

ANDHARAN

Perangan kang bakal dirembug yaiku ngenani pambada lan babagan kang padha sajrone kaloro dongeng kasebut. Kaloro dongeng iki emper-emperan mula saka iku bakal dirembug ngenani tema, latar lan paraga saka crita dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Prah.

Tema sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prah.

a. Dongeng Roro Jonggrang

Kulawarga

Runtuhe kekuasaan Raja Boko anggone dadi Raja neng kadipaten Prambanan merga mati neng medan perang nyebabake kekuasaan kadipaten Prambanan mudhun neng tangane musuh. Salah sijine musuh yaiku Bandung Bandawasa, merga dheweke wis kasil mateni Raja Boko. Kahanan kang mangkono gawe Bandung Bandawasa neng kadipaten Prambanan lan wektu dheweke mlaku-mlaku ngiteri kadipaten ketemu putrine Raja Boko (Roro Jonggrang) dheweke lingsung tresna lan langsung dhuweni nyatan arep ngerabi.

“gelem apa ora yen dadi permaisuriku?” pitakone Bandung Bandawasa. “aku... aku...” Roro Jonggrang ora mampu nerusake pocapane dheweke pengin ngomong yen ora seneng karo Bandung Bandawasa merga wis mateni ramane nanging dheweke ora wani. (Kaca 20)

Kutipan dongeng Roro Jonggrang iki dhuwur yaiku Roro Jonggrang pengin nolak tawaran saka Bandung Bandawasa sing pengin dadikake dheweke permaisuri nanging merga Roro Jonggrang eling yen Bandung Bandawasa sing wis mateni ramane dheweke ndhuwe nyatan nolak nanging ora wani ngandharake secara langsung.

Katresnan

Tresna yaiku perasaan seneng marang barang utawa pawongan. Akeh wong sing wis kadhung tresna ora gagas apik lan eleke, apa wae dilakoni supaya apa sing ditresnani bisa kawujudan kayata tresnane Bandung Bandawasa ing Roro Jonggrang. Ora gagas sapa sejatine Roro Jonggrang lan crita ngenani Roro Jonggrang.

“ora peduli sapa jenenge ramamu, aku Bandung Bandawasa dina iki wis nemokake pilihane atiku”

Kutipan ing dhuwur omongan Bandung Bandawasa wis tumuju ing arah serius kanggo nyatakake tresnane kanthi cara jaluk Roro Jonggrang dadi permaisurine senadyan Roro Jonggrang iku anake raja sing wis mari dipateni marang dheweke.

b. Dongeng Tangkuban Perahu

Katresnan

katresnan kang ana ing crita iki yaiku nalikane Sangkuriang sawise ngelmu ing alas banjur dheweke ketemu wanita ayu banget lan pungkasane loro pawongan iki padha tresnane. Nanging ora disangka wanita sing ditresnani kuwi nyatane ibu kandhunge.

Dayang Sumbi ngagebeg, reuwas lain dikieuna. Manehna kakara inget, moal salah ieu lalaki the aing gerentesna, sangkuriang anu baheula kungsi ditoktrok sirahna ku sinduk. Sanajan geus ditetelakeun yen manehna the anak pituin.(Kaca 19)

(Dayang sumbi kaget. Dheweke lagi eling, ora salah wong lanang iku anake, Sangkuriang biyen nate dikethuk sirahne nganggo sendok. Senajan wis jelas yen Sangkuriang anake asli.)

Kutipan ing dhuwur bisa dadi bukti yen anane *incest*(hubungan darah) antarane Sangkuriang lan Dayang Sumbi minangka ibu kandhunge. Senadyan wis padha tresnane lan wis ndhuwehi niatan arep rabi nanging ing babagan elmu urip masyarakat utawa ing elmu agama ora oleh anak lan biyung rabi merga kuwi isih ana hubungan darah.

Perjuwangan

Perjuwangan sing ana ing dongeng iki yaiku nalikane Dayang Sumbi nuwuhake asil sing ora disangka karo dheweke dhewe. Saka pocapan iku dheweke gawe kaluputan sing kudu ditrima asile saka iku, gelem ora gelem merga anake raja apa sing wis dipocapake ora bisa dibatalake pocapan iku.

Eta taropong teh dicokot ku Si Tumang sarta tuluy dibikeun ka Dayang Sumbi. Karuhan bae Dayang Sumbi pohara reuwaseunna, teu nyangka yen anu mangnyokotkeun taropong teh anjing lain manusa.

(Iku teropong dicokot karo si Tumang banjur diwenehna marang Dayang Sumbi. Dayang Sumbi kaget banget ora nyangka yen sing jupukna teropong iku anjing dudu manungsa)

Kutipan ing dhuwur Dayang Sumbi wis kadhung ngucap kaya mangkono nanging kasunyatan sing jupukake teropong kuwi Si Tumang asu sing ngancani dhewek saben dinane. Ora nyangka yen sing jupukna asu dudu manungsa. Pungkasane Dayang Sumbi mbobot anak saka si Tumang dewa sing jelma dadi asu. Awiwitan saka sayembara ngawur angger ngucapake banjur pungkasan nduweni anak saka si Tumang sing jupukna benang tenun iku. Anake Dayang Sumbi lan si Tumang diwenahi jeneng Sangkuriang.

Tepi ka hiji waktu kakandungan. Brol ngajuru, anakna lalaki, dingaranan Sangkuriang.

(Nganthi wektu mbobot pas lairan anake lanang diwenahi jeneng Sangkuriang.)

Kutipan ing dhuwur sasuwine wektu pungkasane Dayang Sumbi mbobot lan pas lairan anake lanang diwenahi Jeneng Sangkuriang. Saka sakabehane kutipan ing dhuwur bisa didudut kalebu tema minor panguripan merga nyaritakake mula bukannya panguripan Dayang Sumbi nganthi dheweke dhuwe putra sing jenenge Sangkuriang nanging crita kuwi mung dicritakake ana ing wiwitane dongeng. Kutipan ing dhuwur uga dadi wiwitane crita saka dongeng Tangkuban Prah.

Pambandingan sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Perahu

Dongeng Roro Jonggrang tema pokok utawa tema umum yaiku katresnan, yen sajrone dongeng Tangkuban Prah tema pokok utawa tema umume

uga ngenani katresnan nanging bedane katresnan sing ana sajrone dongeng iki merga anane incest(hubungan darah) senadyan kaloro paraga sajrone dongeng padha tresna nanging merga kahanan sing kaya mangkono sing nuwuhake tresna kuwi ora bisa lanjut kaya sing dikarepake. Saka kaloro tema pokok utawa tema umum(tema mayor) kasebut, kaloro dongeng padha-padha nduweni tema katresnan. Babagan sing padha saka kaloro dongeng nduwehi tema sing padha yaiku ing tema katresnan, perjuwangan, lan pengkhianatan. Ing dhisor iki ana tabel ngenani pambada lan babagan kang padha sajrone dongeng Roro Jonggrang lan Tangkuban Prahau.

1. Tabel Pambada lan Babagan kang Padha sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahau

Tema	Roro Jonggrang	Tangkuban Prahau
Kulawarga	√	-
Katresnan	√	√
Perjuwangan		√

2. Tabel Pambandhing sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahau

Roro Jonggrang	Tangkuban Prahau
Kulawarga : Roro Jonggrang isih pengin ngancani ramane lan tetep iling marang ramane senadyan ramane wis seda	Perjuwangan : Sangkuriang nyanggupi panjalukane Dayang Sumbi gawe perahu lan telaga neng dhuwur salah sijine gunung.
Katresnan : Bandung Bandawa tresna marang Roro Jonggrang senadyan iku putrine raja sing wis dipateni.	Katresnan : Sangkuriang lan Dayang Sumbi padha tresnane nanging merga Dayang Sumbi ngerti yen iku anake dadi tresnane ora dibacutake.

Pambandhing sing ana ing kaloro dongeng bisa dimangerteni saka tabel ing dhuwur yaiku salah sijine ngenani tema katresnan. Tema katresnan ing dongeng Roro Jonggrang jlentrehake ngenani Bandung Bandawa tresna marang Roro Jonggrang senadyan iku putrine raja sing wis dipateni. Banjur ing dongeng Tangkuban Prahau

tema katresnan ngenani Sangkuriang lan Dayang Sumbi padha tresnane nanging merga Dayang Sumbi ngerti yen iku anake dadi tresnane ora bisa dibacutake.

Latar sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahau

1. Latar Panggonan

a. Dongeng Roro Jonggrang

Lembah

Lembah yaiku panggonan sing digawe Bandung Bandawasa mbangun candhi saka kekarepan lan panjalukane Roro Jonggrang. Saka panggonan iki nuwuhake crita kang bisa dadikake panguwat saka dalane crita dongeng. Lembah iki dadi mula bukane kepriye pungkasan crita Roro Jonggrang. Lembah iki uga dadi panggonan kepriye Roro Jonggrang nyuwun tulung bibi emban kanggo gagalake penggaweane jin lan iblis utusane Bandung Bandawasa kanggo mbangun candhi.

Roro Jonggrang panik, dheweke langsung nyeluk kepala dayang kadipaten. (Kaca 24)

Kutipan ing dhuwur ngandharake nalikane Roro Jonggrang mulai wedi marang panjulakane wis arep dirampungna marang Bandung Bandawasa, dheweke ngongkon bibi emban deleng langsung ing lembah panggonane Bandung Bandawasa mrintah jin sing ngabdi marang dheweke wis mbangun atusan candhi.

Alas

Panggonan alas ing crita dongeng Roro Jonggrang yaiku nalikane Bandung Bandawasa gelud ngelawan raksasa ana ing alas sing dadi dalan dheweke tumuju medhan perang.

“aku arep gabung karo awak wadagmu. Banjur kesaktianmu bakal dadi lipat ganda. Kowe uga bakal bisa nguwasai bangsa halus jin”. (Kaca 14)

Kutipan ing dhuwur ngandharake yen samarine Bandung Bandawasa tarung nglawan raksasa dheweke diwenahi ilmu kesakten sing lipat ganda uga bisa nguwasai bangsa jin. Merga saka kuwi dheweke nalika arep ing medhan perang mung mblayu cepet ninggalake alas ora suwi wis tekan ing medhan perang.

b. Dongeng Tangkuban Perahu

Alas

Alas sajrone dongeng Tangkuban Perahu dicritakake nalikane Dayang Sumbi diasingake karo ramane merga ora gelem rabi lan mung dikancani karo asu kadipaten.

“Dayang Sumbi ngan aya dua pilihan kanggo anjeun. Hoyong nikah atawa kuasingkan anjeun ditepi leuweung. Ngan dibaturan seekor anjing karaton namina si Tuman”. (Kaca 13)

(“Dayang Sumbi mung ana rong pilihan kanggo kowe, gelem rabi utawa diasingake ing pinggir alas. Mung dikancani asu kadipaten sing jenenge si Tumang”. Dayang Sumbi diasingake ing)

Kutipan ing dhuwur njlentrehake ngenani Dayang Sumbi sing diwenahi rong pamilih karo ramane merga ora gelem rabi dadi ramane murka lan menehi rong pilihan. Banjur Dayang Sumbi milih diasingake wae. Panggonan ngasingake yaiku arupa gubuk neng kunu Dayang Sumbi mung dikancani karo asu kadipaten yaiku si Tumang.

Pucuk Gunung

Panggonan puncak gunung sajrone dongeng Tangkuban Perahu yaiku panggonan sing digawe Sangkuriang nalikane mujudake kekarepane Dayang Sumbi sing njaluk digawekake Prahmu gedhe kanggo syarat rabi karo Dayang Sumbi.

Sangkuriang nyatujuan, anjeunna langsung ka luhur gunung. Teu aya masalah pikeun sangkuriang. Anjeunna langsung ngagero jin anu parantos eleh. Puguh jin janten ngadamel tasik bari Sangkuriang ngadamel parahu ageing. (Kaca 26)

(Sangkuriang nyanggupi, dheweke langsung tumuju pucuk gunung. Ora masalah kanggo Sangkuriang. Dheweke langsung nyeluk jin wis ditaklukake. Jin iku tugae gawe telaga yen Sangkuriang gawe prahu gedhe.)

Kutipan ing dhuwur ngandharake ngenani panggonan pucuk gunung sing dadi bukti yen Sangkuriang nuruti panjalukane Dayang Sumbi. Ing pucuk gunung Sangkuriang ngawiwiti kabeh para jin sing tau ditaklukake diceluk banjur dibagi

tugas. Para jin diutus kanggo gawe telaga yen Sangkuriang gawe prahu gedhene.

2. Latar Waktu

a. Dongeng Roro Jonggrang

Awan

Waktu awan iki ana kedadeyan sawise perang, merga Bandung Bandawasa wis menang ngelawan Raja Boko dheweke njaluk diterne ing kadipaten Prambanan. Nalika wektu iku prajurit sing ana ing kadipaten wis kandha neng Roro Jonggrang awan iki Bandung Bandawasa langsung ing kadipaten prambanan kanggo ganteni posisine Raja Boko.

Mangerteni rajane seda ing tangane Bandung Bandawasa para prajurit prambanan langsung takluk nyerahna diri.

Awan iki Bandung Bandawasa langsung diterne ing kadipaten (Kaca 18).

Kutipan ing dhuwur nalikane prajurit prambanan mangerteni yen rajane seda langsung nyerahake diri banjur ngeterne Bandung Bandawasa ing kadipaten Prambanan.

Bengi

Kahanan samarine Roro Jonggrang menehi syarat panjalukan gawe sewu candhi lan Bandung Bandawasa nyanggupi kanthi dibiyantu karo para iblis lan jin sing wis ngabdi. Panjalukane Roro Jonggrang langsung dikerjana nalikane samarine srengenge mudhun, bengi iku Roro Jonggrang mengerteni siji baka siji candhi iku wis ngadeg wis arep rampung.

Kahanan mangkono para jin langsung mergawe samarine srengenge mudhun lan siji baka siji candhi panjalukane Roro Jonggrang arep mari.

Ing tengah wengi wektu para jin ngelanjutna tugase ngerampungna bangunan candhi sing kari seperangan wae (Kaca 24).

Kutipan ing dhuwur ngandharake nalika samarine diandharna apa wae panjalukan Roro Jonggrang para jin sing biyantu Bandung Bandawasa langsung mergawe. Merga iku sing mergawe jin siji baka siji candhi iku wis katon. Banjur ing tengah wengi uga kaya kahanan wiwitan

malah kurang sithik wae panjalukan Roro Jonggrang iku wis rampung.

b. Dongeng Tangkuban Perahu

Sore

Latar wektu sore sajrone dongeng Tangkuban Prahau yaiku awiwitan Sangkuriang ketemu maneh karo Dayang Sumbi. Wektu iku Sangkuriang sing wayah ngelelana ora disengaja malah tekan panggonan Dayang Sumbi. Sore iku dheweke mangerteni Dayang Sumbi lagi adus ing kali merga mangerteni ana wadon sing ayu banget dheweke dadi kesensem.

Nepi ka hiji poe, sore eta anjeunna ningali aya awewe anu mandi. Hatena eleh gancang. Anjeunna henteu kantos ningali mojang geulis sapetos kieu, anjeunna kasima. (Kaca 23)

(nganthi sawetara wektu, sore iku Sangkuriang deleng wadon sing lagi adus. Atine dredge banter. Durung nate dheweke deleng wadon sing ayu kaya mangkono, dheweke kesensem).

Kutipan ing dhuwur jlentrehake wektu sore nalikane Sangkuriang mangerteni wadon sing ayu banget lagi adus ing kali. Sadurunge dheweke ora nate katon wadon sing kaya ngono. Wektu iku gawe dheweke kesensem kanggo awiwitane wektu.

Bengi

Wektu bengi yaiku nalikane Sangkuriang ngawiwiti gawe panjalukan Dayang Sumbi sing dibiyantu karo para jin sing melu dheweke.

Peuting eta anjeunna langsung ngageroan jin anu anjeunna ngawasa. Eta djin sareng anak buahna anu jaga diaung situ bari sangkuriang ngadamel parahu gede. (Kaca 26)

(wengi iku, Sangkuriang nyeluk para jin sing tau ditaklukake. Jin iku karo anak buahe nduwehi tugas kanggo gawe telaga banjur Sangkuriang bageyan gawe prahu gedhe)

Kutipan ing dhuwur jlentrehake ngenani wektu wengi nalikane awiwitan Sangkuriang ngawiwiti gawe telaga lan prahu gedhe kanggo syarat panjalukane Roro Jonggrang. Para jin sing tau ditaklukake padha diceluk banjur diwenahi tugas kanggo gawe telaga.

3. Latar Swasana

a. Dongeng Roro Jonggrang

Mistik

Babagan latar swasana *mistik* sajrone dongeng Roro Jonggrang yaiku nalikane Bandung Bandawasa ngalahake Raksasa sing arep nyegat dheweke. Wektu iku Bandung Bandawasa gelud karo Raksasa sing pungkasane dheweke menang lan Raksasa iku ngaku kalah banjur menehi hadiah yaiku dheweke nglebur dadi siji ing ragane Bandung Bandawasa.

“aku bakal nglebur ing raga wadagmu. Dadi kesaktenmu bakal dadi akeh. Kowe uga bisa nguwasai bangsa alus jin” (Kaca 14)

Kutipan ing dhuwur bisa dimangerteni swasana *mistik* nalikane manungsa biyasa gelud marang raksasa lan nalikane raksasa kalah dheweke nglebur dadi siji ing raga wadagake manungsa kayata sing dialami Bandung Bandawasa. Swasana *mistik* sabanjure yaiku Roro Jonggrang bingung deleng bangunan candi sing wis akeh iku merga dheweke ora mangerteni kepriye iku bisa kedadeyan. Yen dipikir kanthi pikiran sing logis ora mungkin ing sawetara wektu wis akeh bangunan candi sing rampung.

Deleng kedadeyan kaya mangkono, Roro Jonggrang bingung lan uga kaget. Merga mangerteni bangunan candi sing akeh banget wis arep rampung. Wektu tengah wengi nalikane para dedemit ngebacutake tugas ngerampungna bangunan candi sing kurang itungan driji wae”. (Kaca 24)

Kutipan ing dhuwur ngandharake ngenani swasana *mistik* sing gawe bingung lan kaget Roro Jonggrang nalikane deleng nyatane candi panjalukane wis akeh sing rampung lan mung kurang itungan driji wis rampung genep kayata panjalukane. Saka kutipan kaloro iku bisa dimangerteni yen dongeng iki uga nyritakake mistik sajrone crita.

Sedhih

Babagan ngenani latar swasana awujud sedhih sajrone dongeng Roro Jonggrang yaiku wiwit ing wektu Roro Jonggrang kelangan ramane

merga wis seda. Ramane seda ing medhan perang, perang ngelawan kadipten pengging.

Roro Jonggrang ora langsung jawab. Mripate netes eluh. Dheweke saiki ora ana tenaga. Saka prajurit dheweke wis oleh laporan ngenani pemuda iku sing ngalahake lan mateni ramane. (Kaca 18)

Kutipan ing dhuwur kahanan nalikane swasana sedhihne Roro Jonggrang mangerteni yen ramane seda. Banjur pawongan sing mateni ramane ana ing ngarepe, dheweke nganthi ora bisa nahan eluh mripate merga eling yen amerga pawongan iku dheweke kudu kelangan ramane.

b. Dongeng Tangkuban Perahu

Mistik

Babagan *mistik* sajrone dongeng Tangkuban Perahu diandharake Sangkuriang awiwitan nyanggupi panjalukane Dayang Sumbi gawe telaga lan kapal gedhe mung wektu sewengi. Babagan mistik iku nalikane Sangkuriang nyeluk kabeh jin sing emlu karo dheweke kanggo biyantu panggawean iku. Kahanan mangkono nganthi dimangerteni dheweke karo Dayang Sumbi sing deleng kayu lan watu ngawiwiti mbangun telaga.

Dayang Sumbi tiasa ningali dirina sorangan kumaha ageing log digolongkeun sareng ngalih ka walungan. Oge aya batu ageung anu sigana sorangan. Eta mangrupikeun kagiatan proyek anu dilaksanakeun ku jin diparentah ku raja jin. (Kaca 26)

(dayang sumbi bisa deleng dhewe kepriye kayu gedhe lugur lan mlaku kanggo mbendung kali. Uga ana watu-watu gedhe sing kayata mlaku dhewe. Iku kegiatan proyek sing dilakokake karo para makhluk alus sing diprintah raja jin)

Kutipan ing dhuwur jlentrehake swasana *mistik* nalikane Dayang Sumbi deleng yen kayu lan watu sing gedhe-gedhe wis lumaku dhewe uga langsung bisa bangun telaga. Senadyan kabeh iku wis ana sing mrintah nanging yen wong awam mangerteni iku babagan sing mistik ora bisa dinalar karo olah pikir manungsa.

Seneng

Babagan seneng ing dongeng Tangkuban Perahu nalikane Dayang Sumbi ketemu Sangkuriang sadurunge mangerteni yen iku anake, Dayang Sumbi sawetara wis saomah karo Sangkuriang banjur dheweke ngrasa tresna lan arep ngerencanake rabi.

... tetela eta mojang oge nempatkeun manah. Ahirna Sangkuriang tinggal sareng mojang kanggo sababaraha waktos. Aranjeunna ngarencanakeun nikah. (Kaca 24)

(nyatane wadon (Dayang Sumbi) iku uga tresna. Pungkasane Sangkuriang urip bebarengan karo si wadon gawe sawetara wektu suwi. Kalorone ngarencanake arep rabi)

Kutipan ing dhuwur uga jlentrehake ngenani swasana seneng nalikane Sangkuriang mangerteni yen Dayang Sumbi uga nduwehi tresna marang dheweke. Banjur kalorone dadi urip bebarengan ing wektu sing lumayan suwi. Pungkasane saka iku kalorone uga nduwehi rencana rabi.

4. Latar Sosial

a. Dongeng Roro Jonggrang

Latar sosial sajrone dongeng Roro Jonggrang iki ngenani cara nyikapi persoalan sing ana ing panguripan. Latar sosial sing ana ing dongeng iki yaiku nalikane Bandung Bandawasa nyikapi para warga desa sing mung dijaluki tulung marang Roro Jonggrang nanging uga kena imbase. Prilaku Bandung Bandawasa sajrone jupuk kaputusan carane nyikapi kuwi salah merga para warga mung dijaluki tulung lan ora ngerti ana apa kasunyatane.

“oh, dadi kowe kabeh sing nyebabake kabeh iki?” bentak Bandung Bandawasa karo murka “kurang ajar! Kowe kabeh uga kudu nanggung akibate!”. (Kaca 28)

Kutipan ing dhuwur ngandharake ngenani kelakuan Bandung Bandawasa sajrone urip ing bebrayan masyarakat nalikane dheweke jupuk kaputusan sing sakarepe dhewe kaggo ngukum para warga sing biyantu Roro Jonggrang. Senadyan para warga ora mangerteni satenane apa sing kedadeyan antarane Roro Jonggrang lan Bandung Bandawasa. Yen dideleng ngenani latar sosial carane nyikapi kedadeyan sing ana, Bandung Bandawasa ngenani

sikap lan jupuk kaputusanane kurang tepat uga luwih mentingna murkane tinimbang sing liyane.

b. Dongeng Tangkuban Perahu

Latar sosial ing crita dongeng iki kalebu nalikane Dayang Sumbi mangerteni ngenani larangan rabi karo anake dheweke. Kahanan iku wis diyakini nalikane urip ing bebrayan masyarakat uga ora oleh dilakoni. Latar sosial ing crita dongeng iki uga nalikane Sangkuriang tetep jaluk rabi karo Dayang Sumbi senadyan wis dijelasake sapa sejatine dheweke lan Dayang Sumbi, saka iku cara mikir lan sikap bisa dianalisis gawe latar sosial. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake ngenani iku kabeh.

Dayang Sumbi usaha ngayakinkeun Sangkuriang ku nyaritakeun kajadian luar biasa dina budak leutik Sangkuriang. Tapi eta pamuda masih henteu percanten wae.(Kaca 26)

(Dayang Sumbi ngupaya ngeyakinke Sangkuriang karo crita kedadeyan-kedadeyan ing jaman cilikane Sangkuriang, nanging Sangkuriang tetep ora gelem percaya.)

Kutipan ing dhuwur jlentrahake ngenani latar sosial sing kalebu ing sikap masyarakat lan budaya sajrone bebrayan urip ing masyarakat. Dayang Sumbi sing nolak kanthi cara crita kabeh ngenani asal mulane dheweke lan Sangkuriang. Apa sing dilakokake Dayang Sumbi iku yen neng urip bebrayan masyarakat saka jaman biyen nganthi jaman saiki ancen ora oleh rabi karo sedarah(*Incest*).

Pambandhing Latar sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prah

Sakabehan analisis sing wis dilakokake sajrone dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Prah bisa dideleng ngenani pambada lan babagan sing padha uga pambandhing ngenani latar dongeng saka kaloro dongeng iki. Saka analisis ing dhuwur bakal diandharake kanthi tabel ing ngisor iki.

1. Pambada lan Babagan kang Padha sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prah

Latar	Dongeng	
	Roro	Tangkub

		Jonggrang	an Perahu
Latar Panggonan	Alas	√	√
	Lembah	√	
	Pucuk Gunung		√
Latar Wektu	Awan	√	
	Sore		√
	Bengi	√	√
Latar Swasana	Mistik	√	√
	Sedhih	√	
	Seneng		√
Latar Sosial		√	√

2. Pambandhing Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prah

a. Pambandhing Latar Panggonan Dongeng Roro Jonggrang lan Tangkuban Prah

Roro Jonggrang	Tangkuban Prah
Alas : Bandung Bandawasa gelud karo Raksasa sing sekti.	Alas : Sangkuriang mateni si Tumang.
Lembah : Bandung Bandawasa bangun candi sing dijuluk Roro Jonggrang	Pucuk Gunung : Panggonan Sangkuriang gawe telaga lan prahu gedhe kanggo Dayang Sumbi.

Pambandhing latar sajrone dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Prah yen dideleng saka tabel ing dhuwur ngandharake ngenani latar panggonan salah sijine panggonan alas yaiku ing dongeng Roro Jonggrang panggonan iku ana ing crita nalikane Bandung Bandawasa gelud karo Raksasa aneh sadurunge tekan ing medhan perang yen ing dongeng Tangkuban Prah yaiku alas dadi panggonan nalikane Sangkuriang mateni si Tumang sing ora gelem nurut karo dheweke.

b. Pambandhing Latar Wektu Dongeng Roro Jonggrang lan Tangkuban Prah

Roro Jonggrang	Tangkuban Prah
Awan : Wektu nalikane Bandung Bandawasa awiwitan ing kadipaten Prambanan.	Bengi : Wektu nalikane Sangkuriang mari mateni si tumang lan bali mulih.
Wektu Bandung Bandawasa ngawiwiti	Wektu Sangkuriang njaluk ijin arep nginep

gawe syarat saka Roro Jonggrang	ing gubuke Dayang Sumbi.
---------------------------------	--------------------------

Dideleng saka tabel ing dhuwur pambandhing bisa dijupuk salah sijine ngenani latar wektu kaloro dongeng yaiku wektu bengi nalikane awiwitane kaloro paraga sing ana ing kaloro dongeng iku padha ngawiwiti panggawean syarat kanggo mujudake tresnane.

c. Pambandhing Latar Swasana Dongeng Roro Jonggrang lan Tangkuban Prahau

Tabel ing dhuwur ngandharake pambandhing latar swasana salah sijine yaiku ing dongeng Roro Jonggrang swasana mistik nalikane mung itungan wektu wis akeh candi sing wis ngadheg, yen dongeng Tangkuban Prahau yaiku nalikane Dayang Sumbi mangerteni kayu lan watu gedhe mlaku nganggo mbangun telaga.

d. Pambandhing Latar Sosial Dongeng Roro Jonggrang lan Tangkuban Prahau

Roro Jonggrang	Tangkuban Prahau
Latar sosial sing ana sajrone Dongeng Roro Jonggrang yaiku saka tumindhake Bandung Bandawasa nyikapi kelakoane wektu para pamuda lan wanita sing ora salah apa-apa lan ora mangerteni kasunyatanane dadi korban murkane.	Latar sosial sing ana ing dongeng iki yaiku nalikane Dayang Sumbi tetep ora gelem rabi karo Sangkuriang merga mangerteni yen iku anak kandhunge sendyan padha nduwehi rasa tresna.

Tabel ing dhuwur bisa dimangerteni latar sosial yaiku ing dongeng Roro Jonggrang nyaritakake sipat bermasyarakat Bandung Bandawasa sing ala nalikane dheweke nyikapi para pamuda lan wanita desa sing biyantu Roro Jonggrang, banjur yen ing dongeng Tangkuban Prahau ngenani Dayang Sumbi sing ora gelem rabi karo anak kandhunge dhewe merga ing panguripan masyarakat ngunu kuwi dilarang uga kalebu *incest*.

Paraga sajrone Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahau

Paraga sajrone Dongeng Roro Jonggrang

1. Roro Jonggrang

a. Bebel (Keras Kepala)

Bebel digambarake ing paraga Roro Jonggrang nalikane dheweke ora gelem rabi karo Bandung Bandawasa merga ramane seda ing tangane nanging dheweke malah menehi syarat kanggo iku. Kutipan ing ngisor iki ngenani cuplikan sajrone crita.

Bandung Bandawasa cidheki wanita sing ditresnani iku lan ngomong “Dewi Roro Jonggrang! Kowe iki mung golek alesan wae. Yen oragelem dadi garwaku kenapa kowe ora ngomong sing jujur wae! Kenapa

Roro Jonggrang	Tangkuban Prahau
Sedhih : Roro Jonggrang mangerteni yen ramane seda.	Seneng : Dayang Sumbi lan Sangkuriang padha tresnane lan arep rabi.
Mistik : Candi kebangun akeh ing waktu ora suwi.	Mistik : Kayu lan watu gedhe mlaku mbangun telaga.

kowe gunakake tipu muslihat kanggo ngelabuhi aku. Kowe iki bebel kayata watu!(Kaca 31)

Kutipan ing dhuwur jelasake ngenani watak bebel ing paraga Roro Jonggrang sajrone crita, saking ora gagas wong liya nganthi wong liya uga sing mangerteni sejatine watake. Kutipan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Roro Jonggrang mung mikirna awake dhewe ora mikirna wong liya.

b. Licik

Gambaran watak licik Roro Jonggrang ing crita yaiku nalikane dheweke sejatine dheweke ora gelem nrima. Nanging Roro Jonggrang licik kanggo nglabuhi kasunyatan saka Bandung Bandawasa lumantar panjalukan syarat digawekake candi sewu iku.

Awan iku uga Roro Jonggrang musyawarah karo para dayang kadipaten. samarine nemokake cara kanggo nolak secara alus banjur Roro Jonggrang teka ing ngarepe Bandung Bandawasa. (Kaca 20)

Kutipan ing dhuwur gambarake watak Roro Jonggrang sing licik. Sadurunge dheweke menehi syarat kanggo Bandung Bandawasa nyatane wis musyawarah kanggo nolak alus. Roro Jonggrang ora ngandharake kanthi jujur nanging malah menehi syarat sing pungkasan tetep gawe piranti nolak Bandung Bandawasa.

2. Bandung Bandawasa

a. Egois

Gambaran watak *egois* ana ing salah sijine paraga Bandung Bandawasa dheweke egois merga wis mangerteni yen Roro Jonggrang iku putri saka raja sing wis dipateni nanging dheweke tetep keukeuh arep dadakake Roro Jonggrang dadi garwane.

“ora perduli sapa ramamu, aku Bandung Bandawasa dina iki wis nemu pamilihe atiku...”

“gelem apa ora yen dadi garwaku?” ngendhikane Bandung Bandawasa marang Roro Jonggrang sing neng ngarepe iku.(Kaca 20)

Kutipan ing dhuwur gambarake watak *egois* Bandung Bandawasa nalikane jaluk Roro Jonggrang dadi garwane. Sanyatane dheweke mangerteni yen iku anake Prabu Boko sing wis dipateni nanging merga rasa tresnane kabeh iku ora ana artine maneh marang Bandawasa. Dheweke mung pengin wanita ayu sing dadi pamilihe atine wektu iku dadi garwane.

b. Pengertian

Bandung Bandawasa terkenal dadi ksatria sing apik ing kalangan kadipatene, dheweke uga patuh marang ramane. Merga nduwehi jiwa kstaria nalikane ana perang ngelawan kadipatan Prambanan tanpa dijuluk karo ramane dheweke mangerteni kahanan lan nduwehi insiatif kanggo biyantu Patih Sundoro ing medhan perang. Merga kahanan kaya mangkono panliten bisa dudut gambaran watak saka Bandung Bandawasa.

“yen pancen pasukan Pengging ora bisa aku dhewe sing bakal maju ing medhan perang”

“aku ora wedi, nyuwun ijin kula badhe dhateng kadipaten Prambanan nyusul Patih Sindoro”.(Kaca 6)

Kutipan ing dhuwur bisa gambarake watak Bandung Bandawasa sing pengertian marang kahanan, dheweke gelem langsung mudhun ing medhan perang kanggo ngewangi para prajurit ngelawan kadipaten Prambanan.

3. Raja Boko

a. Penyayang

Rasa sayang wong tuwa ing anak iku nyata, kayata rasa sayange Raja Boko marang putrine Roro Jonggrang. Merga sayange karo Roro Jonggrang dheweke ngelakokake apa sing dijuluk putrine lan dheweke ngorbanake diri nganggo nglawan perang ben kadipatene menang.

“yawis, yen ngono aku dhewe saiki bakal mimpin prajurit pilihanku neng medhan perang”.

“kula tumut kalih rama Prabu”.

“wah, ora oleh. Sampeyan mung cukup ngenteni wae ing kadipaten. Percaya aku bisa ngalahake wong-wong Pengging!”.

“inggih sampun, donga kula kangge rama ing medhan perang”.(Kaca 8)

Kutipan ing dhuwur nggambarake watak Raja Boko, kepriye rasa sayange marang putrine nganthi ora diolehi melu menyang medhan petang. Kutipan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Raja Boko jaga banget putrine iku.

b. Tanggung jawab

Gambaran watak sajrone crita ing paraga Raja Boko ora mung rasa sayang wae uga tanggung jawab. Raja Boko minangka pemimpin kadipaten dheweke tanggung jawab marang kabeh prajurite. Nalikane perang uga dheweke langsung mudhun ing medhan perang biyantu para prajurit senadyan dheweke ora mangerteni kepriye asile nanging dheweke tetep dadi kepimping sing bisa tanggung jawab.

Raja Boko maju ing medhan perang. Sajrone wektu ora nganthi suwi dheweke wis neng tengah-tengah pasukan. Mangerteni yen Raja Boko tekan, para prajurit Prambanan ngalambana. Semangat para prajurit sing awale layu saiki metu maneh. “kabeh prajurit mblayu cepet neng mburiku!” kaya mangkono perintah Raja Boko.(Kaca 10)

Kutipan ing dhuwur gambarake watak pemimpin sing tanggung jawab marang prajurite. Raja Boko gelem mimpin langsung para prajurit ing medhan perang tanpa mikirna kepriyen kahanan sabanjure.

Paraga Sajrone Dongeng Tangkuban Perahu

1. Dayang Sumbi

a. Keras Kepala(Bebel)

Dayang sumbi ing crita digambarake nduwehi watak sing bebel yaiku nalikane dheweke diutus ramane rabi nganthi diwenehi pamilih gelem rabi apa diasingake nanging dheweke tetep keukeuh ora gelem rabi.

“anjeun moal tiasa kitu sadaya waktos. Sipat anjeun salaku awewe kedah nikah. Tapi si Dayang Sumbi eta memang bebel(Kaca 12)

(Kula saestu dereng pengin kangge mbangun bale wisma” wangsulane iku gawe bapane murka. “kowe ora bisa nduwehi sikap kaya mangkono, kodrat wong wadon kudu rabi”. Nanging Dayang Sumbi ancene bebel.)

Kutipan ing dhuwur jlentrehake nalikane ramane Dayang Sumbi wis jaluk kapastian kepriyen panguripan sabanjure merga ora gelem rabi. Nanging jawaban Dayang Sumbi malah gawe nesu ramane. Dheweke tetep ora gelem rabi senadyan ramane wis ngomong yen kodrate Dayang Sumbi kudu rabi. Dayang Sumbi ancen bebel ora bisa dikandhani senadyan karo ramane dhewe.

b. Jujur

Watak jujur sing ana ing paraga Dayang Sumbi dicritakake nalikane dheweke crita kabeh ngenani dheweke lan Sangkuriang senadyan ora digagas.

Dayang Sumbi usaha ngayakinkeun Sangkuriang ku nyaritakeun kajadian luar biasa dina budak leutik Sangkuriang. Tapi eta pamuda masih henteu percanten wae.

(Dayang Sumbi ngupaya ngeyakinkeun Sangkuriang karo crita kedadeyan-kedadeyan ing jaman cilikane Sangkuriang, nanging Sangkuriang tetep ora gelem percaya.)

Kutipan ing dhuwur gambarake watak Dayang Sumbi jujur. Jujur nalikane dheweke crita kabeh ngenani panguripane karo Sangkuriang jaman biyen senadyan wiwitane ora jujur nganthi Sangkuriang diusir saka omah nanging anane kedadeyan kaya mangkono gawe jujure Dayang Sumbi merga ora mungkin yen dheweke rabi marang anake dhewe.

2. Sangkuriang

a. Egois

Babagan gambaran watak *egois* sajrone dongeng Tangkuban Pahu ing paraga Sangkuriang yaiku nalikane Sangkuriang wis dikandhani sanyatane sapa sejatine dheweke lan Dayang Sumbi nanging tetep apa sing dadi kekarepane kudu kelakon.

“kumaha oge maneh kudu rarabi jeung kuring!” tegeskeun Sangkuriang.

Kaca 25)

(“Kepriye carane kowe kudu dadi garwaku!” tegese Sangkuriang.)

Kutipan ing dhuwur gambarake watak egoise Sangkuriang. Senadyan wis ditolak merga Sangkuriang iku anake Dayang Sumbi nanging dheweke tetep jaluk Dayang Sumbi kudu dadi garwane merga wis padha tresnane.

b. Nesuan

Babagan watak nesuan sajrone dongeng Tangkuban Pahu ing paraga Sangkuriang yaiku nalikane dheweke diusir karo ibune merga wis mateni si Tumang. Sangkuriang ngerasa keciwa lan nesu senadyan ora mangerteni kahanan sanyatane.

Hate Sangkuriang sakitar. Ngan kusabab anjing indungna tiasa ngalakukeun perkara kejam eta. Sangkuriang ditangtukeun henteu uih ka bumi.(Kaca 20)

(Perasaane dheweke lara. mung merga asu ibune tega jahat kaya ngono. Sangkuriang nduwehi tekad ora bakal bali ing omah maneh)

Kutipan ing dhuwur jlentrehake watak nesuan saka paraga Sangkuriang nalikane dheweke diusir marang ibune. Atine lara nganthi dheweke mutusake ora bakal bali neng omah. Kedadeyan kaya mangkono sing gawe Sangkuriang nesu nganthi nduwehi tekad kaya ngono.

3. Prabu Galuga

a. Penyayang

Gambaran watak penyayang sajrone paraga Prabu Galuga yaiku nalikane dheweke ngasingake anake merga ora gelem rabi saengga anake bisa aman tanpa gangguan wong liya sing ndhuwe niyatan ala.

“ngan ukur aya dua pilihan kanggo anjeun. Hoyong kawin atanapi tinggalkeun anjeun

disisi leuweung. Ukur dibarengan ku anjing istana anu namina tumag”(Kaca 12)

Kutipan ing dhuwur ngandharake watak penyayang Prabu Galuga yaiku awiwitan saka akehe sing nglamar nanging ditolak nganthi Dayang Sumbi diwenahi pamilihan gelem rabi utawa diasingake. Yen dideleng saka kutipan iku dimangerteni kepriye rasa Sayange Prabu Galuga ing Dayang Sumbi senadyan carane kaya mangkono nanging dheweke tetep jaga ben anake iku tetep aman yen ora gelem rabi.

Pamandhing sajrone Paraga Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahur

Paraga bandhingan sing ana sajrone crita dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Prahur kalorone nduwehi babagan kang padha lan pambada. Saka analisis ing wis dilakokake bisa digawe tabel ngenani pamandhing kaloro dongeng kasebut lan bakal dijlentrehake ing tabel ngisor iki.

1. Pambada lan Babagan kang Padha Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahur

- a. Pambada lan Babagan kang Padha sajrone Paraga Roro Jonggrang lan Dayang Sumbi

Watak	Roro Jonggrang	Dayang Sumbi
Licik	√	
Jujur		√
Bebel	√	√

- b. Pambada lan Babagan kang Padha sajrone Paraga Bandung Bandawasa lan Sangkuriang

Watak	Bandung Bandawasa	Sangkuriang
Egois	√	√
Bebel	√	
Nesuan		√

- c. Pambada lan Babagan kang Padha sajrone Paraga Raja Boko lan Prabu Galuga

No.	Watak	Raja Boko	Prabu Galuga
1.	Penyayang	√	√
2.	Tanggung Jawab	√	

2. Pamandhing Dongeng Roro Jonggrang lan Dongeng Tangkuban Prahur

- a. Pamandhing Watak Paraga Roro Jonggrang lan Dayang Sumbi

Watak Paraga	
Roro Jonggrang	Dayang Sumbi
Licik : Ora gelem ngomong sejujure nanging malah menehi syarat sing pungkasan mung kanggo piranti nolak Bandung Bandawasa	Jujur : Jujur ngenani alasan nolak Sangkuriang
Bebel : Roro Jonggrang ora gelem ngomong satenane ngenani perasaane lan kaputusanane.	Bebel : Ora gelem rabi, luwih milih diasingake ing pinggir alas.

Tabel ing dhuwur bisa dimangerteni ngenani salah sijine pamandhing saka kaloro watak sing padha ing watak bebel yaiku ing paraga Roro Jonggrang nalikane dheweke ora gelem ngomong satenane ngenani perasaane yen Dayang Sumbi nalikane ora gelem rabi.

- b. Pamandhing Watak Paraga Bandung Bandawasa lan Sangkuriang

Watak Paraga	
Bandung Bandawasa	Sangkuriang
Egois : Ora peduli kahanan, kabeh kekeparepan kudu katurutan.	Egois : Ora mikir wong liya mung mikir awake dhewe ngenani rasa tresnane.
Pengertian : Mangerteni kahanan nalikane dibutuhake.	Nesuan : Ana kahanan sing ora sesuai karo dheweke lan ora mangerteni kasunyatan nanging langsung nesu.

Tabel ing dhuwur bisa dimangerteni pamandhing saka watak kaloro paraga ngenani watak egois.

- c. Pamandhing Watak Paraga Raja Boko lan Prabu Galuga

Raja Boko	Prabu Galuga
Penyayang : Nuruti kekeparepan anake lan jaga tenanan	Penyayang : Diwenahi weruh ngenani kodrat wong wadon nganthi jaga Dayang Sumbi sing ora gelem rabi.
Tanggung Jawab :	-

Mimpin perang ing medhan perang langsung bebarengan karo para prajurit	
--	--

Saka tabel ing dhuwur bisa dimangerteni bandhigan saka watak penyayang kaloro paraga kasubut yaiku paraga Raja Boko bisa dideleng saka nuruti kekarepan anake lan jaga tenanan. Banjur yen paraga Sangkuriang yaiku diwenahi weruh anake ngenani kodrat wong wadon sing kudu rabi nganthi nduwehi cara jaga anake sing pungkasan ora gelem rabi iku.

PANUTUP

Dudutan

Dongeng Roro Jonggrang yaiku dongeng sing nyeritakake ngenani wong lanang sing tresna marang wong wadon merga tresnane iku dheweke ngelakokake kabeh panjalukan utawa syarat sing diwenahi karo sing wadon. Dongeng iki ngrembaka ing dhaerah Jawa Tengah(Jawa). Bisa mangerteni yen ana uga dongeng sing critakake ngenani babagan kang kaya mangkono nanging saka Jawa Barat(Sunda). Asiling panliten nuduhake manawa dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Perahu narik kawigaten kanggo dibandhingake. Ana telung bab kang dibandhingake karo panliten yaiku ngenani tema, latar, lan paraga. Antarane kaloro dongeng nduwehi pambada uga babagan kang padha.

Tema sajrone dongeng Roro Jonggrang lan dongeng Tangkuban Perahu yaiku katresnan. Katresnan ing kaloro dongeng dadi tema mayor sajrone crita. Dimangerteni yen kaloro dongeng sajrone crita kang narik kawigaten yaiku ngenani katresnane. Nanging bisa dibandhingake yen tema katresnan ing dongeng Roro Jonggrang critakake ngenani Bandung Bandawasa sing tresna marang putrine raja sing mari dipateni lan ngupaya kanggo mujudake tresnane kuwi yen ing dongeng Tangkuban Perahu tema katresnan ngenani Sangkuriang kang tresna marang biyung dhewe nanging dheweke ora percaya lan ngupaya kanggo mujudake kanthi cara apa wae. Latar saka asiling panliten ngandharake ngenani latar panggonan, latar wektu, latar swasana lan latar sosial. Latar panggonan ing kaloro dongeng iki padha gawe panggonan alas. Alas ing dongeng Roro Jonggrang dijlentrehake nalikane Bandung Bandawasa oleh ilmu kesakten merga mari gelud karo raksasa. Yen

alas ing dongeng Tangkuban Prahua yaiku nalikane Sangkuriang golek kewan kanggo mangan nanging pungkasan mateni si Tumang.

Latar wektu saka kaloro dongeng padha-padha ngandharake wektu isuk lan bengi. Latar wektu bengi sajrone dongeng Roro Jonggrang diandharake awiwitan Bandung Bandawasa gawe candi sewu panjalukane Roro Jonggrang yen dongeng Tangkuban Perahu nalikane Sangkuriang jaluk ijin arep nginep ing omahe Dayang Sumbi lan ngawiwiti mbangun perahu gedhe lan telaga kanggo nyanggupi syarat saka Dayang Sumbi. Latar swasana kaloro dongeng ngandharake ana swasana mistik. Mistik ing dongeng Roro Jonggrang yaiku mung itungan jam wis akeh bangunan candi sing rampung lan kurang sithik kabeh rampung. Yen ing dongeng Tangkuban Perahu nalikane Dayang Sumbi mangerteni kayu lan watu gedhe malku dhewe mbangun telaga.

Asiling panliten mung nganalisis telung paraga saben dongeng. Dongeng Roro Jonggrang ana paraga Roro Jonggrang, Bandung Bandawasa lan Raja Boko. Yen dongeng Tangkuban Perahu ana paraga Dayang Sumbi, Sangkuriang lan Prabu Galuga. Paraga Roro Jonggrang lan Dayang Sumbi padha-padha nduwehi watak kendhel. Roro Jonggrang bisa kasebut kendhel nalikane jupuk kaputusan kanggo rabi apa ora karo wong sing wis mateni ramane. Yen paraga Dayang Sumbi nduwehi watak kendhel kang bisa dideleng nalikane dheweke nyeritakake kabeh marang Sangkuriang ngenani jaman semono kanggo gagalake rencana rabine.

Paraga Bandung Bandawasa lan Sangkuriang padha nduwehi watak egois. Egois saka paraga Bandung Bandawasa yaiku ora perduli kahanan sekitare, apa wae panjalukane kudu katurutan yen paraga Sangkuriang nalikane ora mikir perasaane wong liya mung mikir perasaane dhewe. Pungkasan ing paraga Raja Boko lan Prabu Galuga nduwehi watak kang padha yaiku penyayang. Raja Boko sayang marang putrine kanthi cara jaga, dikongkon nunggu kadipaten wae nalikane ramane perang. Prabu Galuga rasa sayange bisa dimangerteni nalikane dheweke ngasingake putrine merga ora gelem rabi.

Pamrayoga

Karo anane panliten sing wis nliti ngenani dongeng nyatane dongeng bisa dikaji nganggo

tintingan sastra bandhingan. Kajaba kuwi uga panliten nduwehi pangarep karya sastra kayata dongeng iki bisa dikaji nganggo kajian teori saliyané. Pangarepan sabanjure yaiku karo anané panliten iki pamaca bisa mangerteni ngenani unsur intrinsik sajroné kaloro dongeng iki yèn dikaji saka tintingan sastra bandhingan saéngga nuwuhake ilmu sing anyar.

Kapustakan

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Endraswara, Suwardi. 2014. *Metodologi Penelitian Sastra Bandingan*. Yogyakarta: Wedatama Widya Sastra

Hutomo, Suripan Sadi. 1993. *Merambah Matahari: Sastra dalam Perbandingan*. Surabaya: Gaya Masa.

Damono, Sapardi Djoko. 2005. *Sastra Bandingan*. Pengantar Ringkas, Ciputat: Editum.

Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.

Nurgiyanto, Burhan. 2018. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Nurgiyanto, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University

Nurgiyanto, Burhan. 2005. *Sastra Anak I*. Pengantar Pemahaman Dunia Anak. Yogyakarta : Gadjah Mada University.

M. Hikmat, Mahi. 2011. *Metode Penelitian Perspektif Ilmu Komunikasi dan Sastra*. Yogyakarta. Graha Ilmu.

Prof. Dr. Ratna, Nyoman Kutha S.U. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.

Sadarjoen, Sawitri Supardi. 2005. *Bunga Rampai Kasus Gangguan Psikoseksual*. Bandung: Refika Aditama Bandung.

Aswagata, Angga Aulia. 2012. Analisis Novel Incest Karya I Wayan Artika:Kajian Struktural dan Perubahan Sosial. Program Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia. Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Sebelas Maret.

Tuslianingsih. 2010. Analisis Unsur Intrinsik Novel Rahasia Meede Karya E. S. Ito dan Novel The Da

Vinci Code Karya Dan Brown: Sebuah Perbandingan. Program Studi Indonesia. Fakultas Ilmu Budaya Universitas Indonesia.